



LAWRENCE ROAD MIDDLE SCHOOL

Uniondale Public Schools

50 Lawrence Road, Hempstead, New York 11550-7599

Phone: (516) 918-1500 Fax: (516) 918-1506

Mr. Dexter A. Hodge
Direktè

**"Educating Scholars,
Supporting Families,
Engaging Communities"**

Leigh Sumter
Asistan Direktè
Dr. Andrea Silverstein
Responsab Akademik

Fevriye 2020 (Dezyèm Lèt)

Che Paran ak Gadyen:

Nou ekri lèt sa-a pou enfòmè ou de aktivite ki pral fèt nan fen ane-a pou elèv 8yèm ane. Pi ba-a nou esplike kondityon patisipasyon yo, kisa aktivite yo ye, ak plan vèsman lajan.

Tout aktivite fen dane yo se privilèj; kidonk, se pou elèv la travay pou-l merite onè patisipe nan yo.

Men kondisyon pou yon elèv respekte pou li ka patisipe nan aktivite yo:

- ❖ Fòk elèv la nan 8yèm ane
- ❖ Se pou elèv la fè mwayèn li nan 3 sijè enpòtan (Syans Sosyal, Angle, Matematik oubyen Syans.)
- ❖ Elèv la pa dwe gen plis ke 5 pinisyon nan dosye li.
- ❖ Piga élèv la gen plis ke 1 sispansyon lekòl.
- ❖ Piga élèv la absan plis ke 10 fwa.
- ❖ Si yo bare yon élèv ki gen pwodwi kontrebann (alkòl, sigarèt vapè, etc.)
IMEDYATMAN lap pèdi privilèj patisipasyon li nan yonn oubyen plizye aktivite, depandan de gravite fot la. KONDISYON SA-A PA NEGOSYAB.
- ❖ **Desizyon final pou yon elèv patisipe nan tout aktivite 8yèm yo ap soti nan administrasyon.**

Aktivite 8yèm ane yo ap koute o total \$255. Nap ofri ou 2 opsyon pou-w peye:

Opsyon 1: Plizyè vèsman (konsilte tablo-a pou dat peman yo)

Opsyon 2: Ou chwazi aktivite ou vle pitit ou patisipe epi ou peye pou aktivite sa yo sèlman.

Peye cash oubyen avèk MONEY ORDER.

Fè Money Order a sou non: *Lawrence Road M.S. -8th grade class.* Tanpri ajoute non pitit ou a sou Money Order a.

Nou pa aksepe CHEK!

Aktivite	Montan	Dat
Photo 8èm ane (Photo ak chapo ak tòj pou liv souvni lekòl)		<u>Vandredi 6 Mas 2020</u>
Promnad 8èm ane – Lake Compounce	\$75	Jedi 4 Jen 2020
Dans 8èm ane –Uniondale Marriott	\$80	Vendredi 19 jen 2020
Babekyu 8èm ane LRMS	\$30	Madi 28 Jen 2020
Seremoni gradiyasyon 8èm ane LRMS (Chapo ak tòj gradiyason)	\$20	Vendredi 26 Jen 2020 nan Uniondale High School a 9:00 AM
Mayo 8èm ane LRMS	\$15	
Liv Souvni	\$35	
Total	\$255	
Pou sa kap peye pa vèsman, men dat yo:		
Vèsman #1	\$40	Vandredi 1er Novanm 2019
Vèsman #2	\$40	Vandredi 6 Desanm 2019
Vèsman #3	\$40	Vandredi 10 Janvyè 2020
Vèsman #4	\$40	Vandredi 7 Fevriye 2020
Vèsman #5	\$40	Vandredi 6 Mas 2020
Vèsman #6	\$40	Vandredi 3 Avril 2020
Dènnye Vèsman	\$15	Vandredi 1er Me 2020

Dènnye delè pou dènnye vèsman-an fèt se Vandredi 1er Me 2020. **Aprè Vandredi 15 Me 2020 lekòl la pap remèt ou lajan paske lekòl la oblije peye lokal yo.**

Lè nap peye, wè avèk Mme Stelmach (Biwo #209), Mme Powell (Biwo #211A), oubyen Ms. Parris (Main Office). Yap kolekte lajan sèlman le maten anvan klas kòmanse oubyen pandan rekreyasyon 8èm ane.

Si nou gen kesyon, tanpri kontakte 2 conseye 8èm ane ki siyen lèt sa-a.

Sensèman,
Mme. Stelmach (estelmach@uniondaleschools.org)
Mme. Powell (bpowell@uniondaleschools.org)